

REZIME MODÈNIZASYON REVISYON DEVLOPMAN PWOJÈ MODIFIKASYON SEPARASYON ZÒN

Avril 2025

REZIME

Aprè de (2) lane rechèch, angajman ak analiz, Depatman Planifikasyon ap prepare pou aplike yon seri Aksyon Bonè pou amelyore pwosesis Revizyon Devlopman Atik 80 Boston. Amannman separasyon zòn yo pwopoze a sipòte Aksyon Bonè sa yo lè yo korije langaj ki demode yo epi entwodui chanjman nan zòn ki gen anpil sipò.

ENFÒMASYON JENERAL

Pandan de (2) dènye ane yo, Depatman Planifikasyon te angaje nan pwojè “[Atik 80 modènizasyon](#)” pou etidye, evalye ak rekòmande amelyorasyon nan pwosesis revizyon devlopman ak atik 80 Kòd Separasyon Zòn Boston. Nan mwa septanm 2024, Depatman Planifikasyon te Pibliye “[Atik 80 Modènizasyon Pwojè Plan Aksyon](#)”. Pwojè Plan Aksyon an te rezime rezilta angajman yo, analiz vil kamarad yo, ak lòt rechèch ki te ede jenere yon seri rekòmandasyon pou reyalize Angajman Efikas, Estanda Konstan, ak Revizyon Kowòdone.

Yon peryòd pou kòmantè piblik ki ap dire 90 jou apre piblikasyon Pwojè Plan Aksyon an. Depatman Planifikasyon an te resevwa anpil lèt kòmantè detaye nan men òganizasyon moun ki gen enterè yo ak manm kominote yo ansanm ak plizyè santèn repons nan yon sondaj sou entènèt.

Plizyè rekòmandasyon nan Plan aksyon an te pwodui gwo sipò. Chanjman sa yo te konsantre sou aplikasyon a kout tè. Tout gwoup moun ki gen enterè yo te sipòte amelyorasyon pwosedi Depatman Planifikasyon entèn yo pou kreye fidbak ki pi konsistan ak transparan. Yo te sipòte tout amelyore kolaborasyon ak lòt depatman ak komisyon Vil yo (ki gen ladan BCDC). Anpil kòmantè tou mete aksan sou opòtinite pou pi byen entegre priyorite Planifikasyon ak objektif nan pran desizyon.



KONPOZAN AMANDMAN TÈKS LA

Amandman tèks yo se chanjman nan tèks ekri kòd separasyon zòn nan ki vin nouvo oswa mete ajou règ pou itilizasyon ak devlopman tè. Aktyèl Atik Zonaj ki kontwòle revizyon devlopman se Atik 80. Boston Civic Design Commission (BCDC)se Atik 28 ki reglemante l. Sa yo se atik prensipal yo modifiye pa amannman sa a, men lòt atik separasyon zòn bezwen mete ajou tou pou asire konsistans nan kwaze referans ak definisyon. Men yon rezime tou kout sou chak atik yo pwopoze:

Chanjman Prensipal:

Atik 80: Revizyon ak Apwobasyon Devlopman gen ladann yon seri modifikasyon pou modènize ak klarifye pwosedi demode yo.

ATIK 28: Boston Civic Design Commission pral chanje non Atik 81 epi li gen ladan l chanjman nan nivo revizyon, pwosedi rekòmandasyon ak lòt klarifikasyon.

Chanjman ki bay Sipò

Atik 2: Definisyon

ATIK 28: Revizyon Konsepsyon se yon nouvo atik separasyon zòn ki deplase pwosedi ki egziste deja yo pwopaje atravè Atik 80 nan yon nouvo kote ki pi fasil pou jwenn.

ATIK 80 REZIME AMANDMAN

SEKSYON 80-1 - DEKLARASYON ANRAPÒ AK MISYON

Chanjman tèks nan seksyon sa gen ladan:

- Chanje non "revizyon plan sit" nan "CPS ak/oswa revizyon GPOD".
 - Tèks separasyon zòn nan sèvi ak yon definisyon demode pou revizyon plan sit ki pa koresponn ak fason yo itilize tèm nan jodi a. Modifikasyon sa a chanje non an pou l dekri yon fason ki pi egzak pou objektif revizyon an patikilye.
 - Chanjman sa a reflekte Atik 80
- Retire kritè egzanpsyon demode ki gen rapò ak pwojè ki sou revizyon lè Atik 80 te premye adopte an 1996.
- Lòt modifikasyon pou klarifye



SEKSYON 80-A-DISPOZISYON JENERAL

Chanjman tèks nan seksyon sa gen ladan:

- Ranplase egzijans pou ekri ak lèt detache pa difizyon sou sit entènèt ak imèl nan Seksyon 80A-2
 - Modifikasyon sa yo chanje langaj demode epi pwopoze modifikasyon ki reflekte metòd jodi a pou avi piblik ak distribisyon dokiman yo
 - Yo pa chanje kondisyon Plan Aksè Langaj
 - Yo pa chanje kondisyon nan sa ki gen rapò ak notifikasyon reyinyon piblik yo
- Ranplase egzijans demode distribisyon kopi fizik pa distribisyon dijital (mizajou sit entènèt ak imèl) nan seksyon 80A-3
 - Kenbe egzijans pou kenbe yon kopi fizik disponib sou demann
- Konsolide kopi langaj nan Seksyon 80A-5 pou klarifye kondisyon pou akò legal yo.
 - Retire yon referans espesifik nan Depatman Transpò, paske li enkli nan "lòt ajans piblik nan vil la"
- Entwodui nan tèks separasyon zòn nan depo "Avi Chanjman Pwojè" a jodi a
 - Ajoute kritè pou amonize tèks separasyon zòn ak gid politik ki egziste deja
- Lòt modifikasyon pou klarifye

SEKSYON 80-B - REVIZYON GWO PWOJÈ

Chanjman tèks nan seksyon sa gen ladan:

- Klarifye kalifikasyon pou lyezon
 - Pandan Depatman Planifikasyon mete ajou separasyon zòn nan tout vil la, modifikasyon sa a aire lyezon kontinye fonksyone pou pwojè k ap konstui, agrandi, oswa etabli nouvo itilizasyon.
- Klarifye anplasman egzijans nan sa ki gen rapò ak lè w retire referans pou Detèminasyon Chan Aplikasyon an
 - Langaj demode sa a pa reflekte pratik jodi a. Gen kèk pwojè pwopoze yo ki soumèt enfòmasyon ki dekri nan Seksyon 80B-3 kòm yon pati nan yon Fòm Notifikasyon Pwojè (PNF), ki soumèt anvan yon Detèminasyon Chan Aplikasyon an.
- Retire langaj ki demode sou pwosedi Akò Plan Aksè Transpò (TAPA).
- Chanje non "revizyon plan sit" nan "CPS ak/oswa revizyon GPOD" pou klarifye. Chanjman sa yo refle nan Atik 80 pou konsistans.
 - Tèks separasyon zòn nan sèvi ak yon definisyon demode pou revizyon plan sit ki pa koresponn ak fason yo itilize tèman jodi a. Modifikasyon



sa a chanje non an pou l dekri yon fason ki pi egzak objektik revizyon an patikilye.

- Transfè pwosedi konsènan revizyon konsepsyon pou revizyon CPS ak/oswa GPDO nan yon atik separasyon zòn
 - Pwosedi ki dekri nan Atik 80 an aplike nan pwojè kèlkeswa gwosè yo. Sa ka pote konfizyon lakay itilizatè yo nan kòd la, moun ki ka pa konnen ki kote pou yo gade pou yo jwenn tout revizyon ki aplikab yo. Amandman tèks sa a deplase pwosedi ki egziste deja yo nan yon nouvo kote ki kolekte yo nan yon sèl kote.
- Klarifye reyinyon "pre dosye"
- Ajoute tèks pou dekri egzijans pou soumèt "Lèt Entansyon"
 - Chanjman sa a amonize tèks separasyon zòn ak egzijans ki egziste yo te etabli pa Dekrè Egzekitif an oktòb 2000
- Retire referans demode epi klarifye revizyon BCDC, ki an amoni ak modifiye tèks pwopoze nan Atik 81
- Senplifye non dokiman yo epi konsolide pwosedi yo
 - Chanje non Rapò Enpak Pwojè ak Rapò Final Enpak Pwojè pa Rapò Enpak Pwojè
 - Chanje non Detèminasyon Preliminè Adekwasyon an Detèminasyon Adekwat
 - Konsolide pwosedi pou Rapò Konsekans Pwojè yo ak Detèminasyon Adekwat pou klarifikasyon ak konsistans. Chanjman sa a diminye kopi tèks epi kreye yon apwòch estanda pou dokiman sa yo.
- Deplase definisyon yo nan Atik 2
- Lòt modifikasyon pou klarifye

SEKSYON 80-C - REVIZYON PLANIFIKASYON DEVLÒPMAN ZÒN

Chanjman tèks nan seksyon sa a gen ladan:

- Klarifye reyinyon "pre dosye"

SEKSYON 80-D -PLAN DIREKTÈ ENSTITISYONÈL

Chanjman tèks nan seksyon sa a gen ladan:

- Mizajou nivo modifikasyon enteryè pou sou-izilazasyon ki pa gen gwo enpak ant 50,000 pou rive 100,000 pye kare.
- Retire kritè egzansyon demode ki gen rapò ak pwojè ki sou revizyon lè Atik 80 te premye adopte an 1996.



- Retire langaj konfizyon konsènan "objektif 10 lane". Tèks sa a aplike sèlman pou deskripsyon "objektif alontè Enstitisyon an", epi li pa fikse yon dire tèm IMP. Dire tèm yo fikse nan Seksyon 80D-8.
- Distenge Plan Diminisyon ak Plan Avantaj Kominotè
- Klarifye reyinyon "pre dosye"

SEKSYON 80-E REVIZYON TI PWOJÈ

Chanjman tèks nan seksyon sa a gen ladan:

- Chanje non "revizyon plan sit" nan "CPS ak/oswa revizyon GPOD" pou klarifye. Chanjman sa yo refle nan Atik 80 pou konsistans.
 - Gade lòt ki menm jan nan Seksyon 80-B pi wo a
- Ranplase egzijans pou ekri ak lèt detache ak distribisyon dokiman pa difizyon sou sit entènèt ak imèl
 - Gade nòt ki menm jan nan Seksyon 80-A pi wo a
- Transfè pwosedi konsènan revizyon pou revizyon CPS ak/oswa GPOD ak revizyon NDOD pou yon separasyon atik separasyon zòn
 - Gade nòt ki menm jan nan Seksyon 80-B pi wo a
- Klarifye langaj vag nan presize pwosedi pou bay yon Sètifika Apwobasyon
- Lòt modifikasyon pou klarifye

ATIK 28 REZIME AMANDMAN

Atik 28 reglemante Boston Civic Design Commission (BCDC). Non atik sa a pral chanje an Atik 81.

Boston Civic Design Commission (BCDC), yon kò konsiltatif nan Divizyon Konsepsyon Iben Depatman Planifikasyon ki konpoze ak pwofesyonèl konsepsyon, anvan atik 80 epi li rete esansyèl pou revize pwojè ki gen enpòtans espesyal. Chanjman separasyon zòn prensipal yo modifiye pwosedi pou rekòmandasyon yo ak nivo revizyon an.

Pou plis enfòmasyon sou lòt chanjman nan BCDC ki pa nan separasyon zòn nan, tanpri al gade nan Sipleman Aksyon Bonè nan Plan Aksyon an.

1. Afime Wòl Konsiltatif Komisyon an



Rekòmandasyon BCDC yo pral dirije yo bay Chèf Planifikasyon an ak Chèf Adjwen nan Konsepsyon Iben, ki sipèvize dirèkteman Revizyon Konsepsyon, olye pou Majistra a ak Konsèy Boston Redevelopment Authority (BRA).

2. Ogmante nivo revizyon an

Gen de (2) "deklannchè" ki soumèt yon pwojè nan revizyon komisyon an: yon deklannchè obligatwa, ki baze sou gwosè pwojè a, ak yon deklannchè diskresyonè, ki itilize pou deziyen yon "Pwojè ki gen enpòtans espesyal. Depatman Planifikasyon an pral ogmante deklannchè obligatwa a soti nan 100,000 pou rive nan 200,000 pye kare brit, epi li pral fè ti ajisteman nan deskripsyon "Pwojè ki gen Enpòtans Espesyal."

Yon nivo revizyon ki pi wo pèmèt BCDC konsantre ekspètiz yo sou pwojè ki pi enpòtan nan fabrik Vil la. Estimasyon kapasite yo predi sa pral redui pwojè yo ki sijè a revizyon BCDC a pa 30%, libere kapasite pou revizyon plis alè.

LÒT CHANJMAN

ARTIK 2 - DEFINISYON

- Transfè definisyon ki soti nan Atik 80 Seksyon 80B-7

ATIK 28 - REVIZYON KONSEPSYON

- Sa a se yon nouvo Atik ki pran plas Atik 28 ki te deja egziste a. Pwosedi BCDC yo pral deplase nan Atik 81
- Transfere kritè revizyon ki soti nan Atik 80 Seksyon 80B ak 80E
 - Pwosedi ki dekri nan Atik 80 an aplike nan pwojè yo kèlkeswa gwosè yo. Sa ka pote konfizyon lakay itilizatè yo nan kòd la, moun ki ka pa konnen ki kote pou yo gade pou yo jwenn tout revi ki aplikab yo. Amandman tèks sa a deplase pwosedi ki egziste deja yo nan yon nouvo kote ki kolekte yo nan yon sèl kote.

